VOL. 7 / SEPTEMBER 23, 2026

HORNETS BUZZ

Bilten Ofisyèl Lekòl Katolik Holy Family

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.

SELEBRASYON ERITAJ ISPANIK — DEMEN!

Se demen, jedi 24 septanm, n ap selebre Mwa Eritaj Ispanik la! Elèv nou yo te travay di pou yo aprann sou kilti ak tradisyon ispanik yo; pòt klas nou yo, ki dekore avèk anpil bote, se jis yon ti echantiyon eksitasyon k ap pase nan lekòl la.

Pou selebrasyon demen an, elèv yo dwe abiye jan pwofesè yo mande yo a, dapre peyi yo te asiyen pou klas yo a.

Nou pa ka tann pou n selebre ansanm ak elèv nou yo, kilti yo, ak tout kominote lekòl la!














NOU BEZWEN ÈD OU!

Èske ou ta renmen pote yon kontribisyon pozitif nan Holy Family? Nou renmen lè paran ak fanmi yo patisipe nan lavi kominote lekòl nou an!

Kit ou ta renmen bay sèvis volontè nan lekòl la, ede nan aktivite lekòl yo, akonpaye elèv yo nan pwomnad, oswa bay yon koutmen nan lòt fason, tout volontè dwe jwenn apwobasyon ki nesesè yo anvan yo ka travay avèk elèv yo.

Tan ak sipò ou bay yo ede fè lekòl nou an tounen yon pi bon kote toujou pou timoun nou yo!



[Klike la a pou w wè etap ou dwe swiv pou w vin yon volontè ki apwouve.]

DAT ENPÒTAN

24 Septanm:
Selebrasyon Eritaj Ispanik

2 Oktòb:
Lè pou kite lekòl bonè (1:00 p.m.)
Pa gen aktivite apre lekòl

9 Oktòb:
Fen premye trimès

11 Oktòb:
Mès Lekòl Dimanch

12 Oktòb:
Jounen Fòmasyon Pwofesyonèl
Pa gen lekòl pou elèv yo

13 Oktòb:
Dezyèm trimès la kòmanse

14 Oktòb:
Yo voye bilten nòt premye trimès la bay paran yo

16 Oktòb:
Seremoni pou elèv ki gen bon rezilta (Honor Roll) nan premye trimès la

21 Oktòb:
Jounen pou pran foto (LifeTouch)

28 - 30 Oktòb:
Selebrasyon "Red Ribbon Mini Week"





Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo. Nou vize temwaye lafwa katolik nou atravè ekselans akademik, sèvis kominotè, ak entegrite, yon fason pou elèv nou yo jwenn kapasite pou yo rive nan tout potansyèl yo.